



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REPRESYON KONT MOUN K AP KONDUI AK KAPASITE AFEBLI EPI KI PA PRIDAN PANDAN WIKENN AKSYON DEGRAS LA

Yo te bay 35,508 kontravansyon pandan mobilizasyon 2023 a

Youn nan plizyè kanpay kontwòl anyèl kont alkòl ak dwòg Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a finanse

Fèmti konstriksyon yo sispann tanporèman pou fasilite depasman pandan peryòd fèt la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia Lapolis Eta a ak fòs de lòd lokal tout Eta a pral ogmante patwouy yo pandan wikenn Aksyon Degras (Thanksgiving) la, k ap sible moun k ap kondui ak kapasite afebli epi ki pa pridan. Peryòd espesyal kontwòl la, yon inisyativ Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a finanse, ap dewoule soti samdi 23 novanm rive dimanch 1ye desanm epi li pral sible tou lòt konpòtman ki danjere pou moun k ap kondui tankou vyolasyon Lwa sou Mete sou Kote a.

"Peryòd Aksyon Degras la make kòmansman sezon depasman ki pi chaje nan ane a, epi nou vle tout moun rive jwenn zanmi yo ak pwòch yo san danje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye manm patwouy nou yo ak fòs de lòd lokal yo paske yo te travay nan Jounen Aksyon Degras la ak pandan tout sezon fèt la pou kenbe wout nou yo an sekirite. Mwen ankouraje moun k ap kondui yo pou yo rete vijilan, rete modere, epi mete sou kote lè nou wè machin yo kanpe sou bò wout la."

Volim trafik la ogmante anpil pandan peryòd fèt Aksyon Degras la. Se yon moman tou nan ane a kote konsomasyon alkòl ogmante. Pandan peryòd fèt Aksyon Degras 2023 a, ofisye fòs de lòd yo te arete 1,342 chofè ki t ap kondui ak kapasite afebli (Driving With Impairment, DWI), yo te bay 7,656 kontravansyon pou eksè vitès ak 970 kontravansyon pou chofè ki distrè dèyè volan.

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Yon menas komen sou wout nou yo nou kontinye konbat, se kondui ak kapasite afebli epi sou. Aplikasyon kòd woutyè a enperatif pou byennèt tout moun ak objektif pou fè peryòd fèt sa a dewoule san danje. Lapolis Eta Nouyòk rejwenn ak fyète patnè fòs de lòd nou yo

nan efò kontinyèl pou dekouraje, detekte ak arete chofè ki gen kapasite afebli epi ki sou yo".

Komisè Depatman Veyikil ak Motè Eta Nouyòk (New York State Department of Motor Vehicles) la, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Jounen Aksyon Degras la se yon moman pou nou reyini ansanm ak zanmi ak fanmi nou. Konsekans kondui ak kapasite afebli ka gache souvni fèt sa yo pou tout tan. Sa tou senpleman pa vo lapèn. Patnè fòs de lòd nou yo pral pase tan lwen fanmi yo peryòd fèt sa a pou veye a sekirite wout Nouyòk yo."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Jounen Aksyon Degras la se youn nan moman ki pi chaje nan ane a pandan otomobilis yo ap kondui nan tout eta a pou yo ale wè fanmi yo ak zanmi yo. Pou nou ka fè depasman yo pi fasil ak pi an sekirite pou tout moun, nou pral sispann aktivite konstriksyon yo pandan wikenn fèt la pandan fòs de lòd yo ap konsantre efò yo sou mezi sekirite wout yo. Nou tout vle ale nan rasanbleman fanmi nou yo ak lòt selebrasyon yo an sekirite, se poutèt sa nou bezwen pou otomobilis yo fè sekirite dèyè volan an priyorite yo. Avan tou, sa vle di pa kondui si ou gen kapasite afebli; tache senti w, depoze telefòn ou epi fè atansyon ak sa w ap fè a. Se pou nou tout jwe wòl pa nou pou asire yon Jounen Aksyon Degras nan kè kontan e an sekirite pou tout Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta Nouyòk la, Frank G. Hoare, te deklare, "Avèk depasman yo k ap ogmante sou wout Nouyòk yo pandan sezon fèt la, nou mande otomobilis yo pou yo rete vijilan, pou yo pa kondui distrè oswa ak kapasite afebli, epi pou yo pran desizyon ki san danje pandan y ap kondui. Anplwaye nou yo ak pèsònèl ijans yo ap toujou sou wout yo pou ede kliyan yo pandan wikenn fèt la, epi yo vle ale lakay yo pou rejwenn pwòch yo nan fen jounen an. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Lapolis Eta Nouyòk la paske yo fè patwouy sou Thruway la epi asire sekirite otomobilis yo."

Lapolis Eta a pral konplete patwouy regilye yo atravè tout eta a ak efò ki enkli pòs kontwòl fiks pou kenbe moun ki sou yo, ak itilizasyon veyikil patwouy pou Aplikasyon Lwa Sikilasyon sou Idantite ki Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) pou pi byen idantifye chofè ki distrè ak sa yo k ap pale oswa k ap voye mesaj tèks sou aparèy pòtatif yo. Veyikil san mak sa yo ap kamoufle nan sikilasyon chak jou yo men yon fwa limyè ijans lan aktive, moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Yon arestasyon poutèt w ap kondui apre w fin bwè alkòl, an mwayèn koute jiska 10,000 dola. Chofè yo arete tou sou oswa dwoge yo ap fè fas a pèt lisans chofè yo, pi gwo tarif asirans yo, ak plizyè douzèn depans yo pa t prevwa pou frè pou avoka yo, amann, remòkaj ak reparasyon machin yo, ak pèt tan nan travay yo.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) ak Fondasyon STOP-DWI Eta Nouyòk la ap raple otomobilis yo ke [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an disponib pou telefòn entèlijàn Apple, Android ak Windows. Aplikasyon an

ap pèmèt moun Nouyòk yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj machin epi pwogramme yon lis chofè yo chwazi. L ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon kont DWI yo, epi li bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan li anba enfluyans alkòl oswa dwòg.

Fèmte konstriksyon yo sispann

Anplis de ogmantasyon patwouy pou kontwole moun k ap kondwi ak kapasite afebli epi ki distrè, pou fasilite depasman yo pandan wikenn fèt ki chaje a, fèmte tanporè vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta Nouyòk yo pral sispann apati 6 a.m. mèkredi 27 novanm pou rive 6 a.m. lendi 2 desanm. Sa an akò ak Inisyativ Chofè yo Dabò (Drivers First Initiative) nan Eta Nouyòk la, ki priyoreze komodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj ak reta akòz travay sou wout ak pon yo. Kèk travay ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans.

San pran an kont fèmte vwa yo, moun k ap kondwi yo ta dwe suiv [Lwa Mete sou Kote Eta a](#), ki te elaji an mas pou egzije chofè yo ralanti ak mete sou kote pou tout veyikil ki kanpe sou kote wout la. An 2024, yo te touye de anplwaye Otorite Thruway, e yon lòt te blese trè grav nan lòt ensidan pandan yo t ap travay sou Thruway la epi moun yo pa t mete veyikil yo sou kote. Otorite Thruway ak Depatman Transpò Eta Nouyòk ankouraje otomobilis yo pou yo rete vijilan pandan y ap kondwi, ralanti epi mete yo sou kote lè yo wè yon veyikil sou bò wout la. Lavi anplwaye yo, travayè sou wout yo ak pèsònèl ijans yo nan men yo.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondwi yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout komodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks, navige epi aksede ak aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondwi, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondwi.

Cherif nan Konte Delaware ak Prezidan Asosyasyon Cherif Eta Nouyòk la, Craig DuMond, te deklare, "Fèt Aksyon Degras la se yon gwo opòtinite pou pase tan ak fanmi ak zanmi. Pa detwi lavi w oswa lavi yon lòt moun nan kondwi anba enfluyans alkòl oswa dwòg. Cherif Eta Nouyòk yo vle ou pwofite gwo wikenn fèt la epi ou dwe gen yon plan pou w pa kondwi ak kapasite afebli".

Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta Nouyòk ak Chèf Lapolis Vil Batavia, Shawn Heubusch, te deklare, "Pandan sezon rekonesans sa a, ann bay kado depasman ki an sekirite. Rete vijilan, tache senti w epi kondwi ak prekosyon – pwòch ou yo ap tann ou lakay ou."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)